



Society for Developmental
& Behavioral Pediatrics

6728 Old McLean Village Drive, McLean, VA 22101

www.sdbp.org • info@sdbp.org

Konprann Dènye Nouvèl sou Otis yo:

Sa Fanmi yo Dwe Konnen

Ki sa nou konnen sou kòz otis yo? Plizyè dizèn ane rechèch montre ke otis gen anpil kòz konplèks. Syantifik yo te jwenn plizyè santèn jèn diferan ki ka lakòz otis. Gen kèk bagay nan anviwònman an ki kapab chanje tou fason jèn yo afekte devlopman, men vaksen yo san danje epi efikas. Pa gen yon sèl bagay ki lakòz otis. Otis pa koze pa anyen paran yo te fè oswa pa t fè.

Konsènan deklarasyon resan yo Pi bon rechèch ki fèt kounye a montre ke fanm ansent k ap pran Tylenol (yo rele l tou "asetaminofèn") pa lakòz otis. Espè yo di Tylenol pa gen danje lè yo itilize l kòrèkteman pandan gwosès la.

Moun ansent yo ta dwe pran folat paske li bon pou tibebe ki poko fèt la. Folat ka ede diminye chans pou tibebe ki poko fèt la gen otis oswa lòt andikap. Kounye a, pa gen ase rechèch solid pou konnen si pran Leucovorin, yon fòm folat, san danje oswa itil pou moun otis. Syantifik yo jwenn ke tès FRAT yo (tès antikò reseptè folat) pa totalman egzak. Asirans sante a ka pa peye pou tès FRAT la.

Atansyon sou reklamasyon Fanmi yo, ekspè nan swen sante ak syantifik yo vle konnen plis bagay sou sa ki lakòz otis. Nou dwe fè atansyon pou nou pa kwè nan repons senp ki pa baze sou rechèch solid. Otis se yon kondisyon konplèks epi li bezwen tretman avèk atansyon ki sipòte pa lasyans. Fè fo deklarasyon sou sa ki lakòz oswa ki ede otis ka lakòz domaj.

Sa Ou Ka Fè Timoun ak gramoun ki gen otis ak lòt andikap bezwen sipò nan men kominate yo ak fanmi yo. Moun ki fè otis yo ka gen kè kontan epi an sante si yo jwenn èd yo bezwen an. Pale ak pwofesyonèl swen sante ptit ou a sou nenpòt enkyetid ou genyen. Pwofesyonèl swen sante yo ka ede w konprann nouvo rechèch sou fason pou sipòte timoun ki fè otis yo.